

ABSTRAK

Tsaniya Puspita Muziany, 2019. Kabeungharan jeung Rupa-rupaning Fitoplankton di Situ Bagendit Kabupaten Garut. Diaping ku Dr. Uus Toharudin, M. Pd., Iwan Setia Kurniawan, S.Pd., M.Pd., jeung Suhara, M.Pd.

Panalungtikan ieu boga tujuan supaya meunang informasi sacara kuantitatif ngeunaan kabeungharan jeung rupa-rupaning Fitoplankton di Situ Bagendit. Metode panalungtikan anu dilarapkeun nyaeta metode deskriptif kuantitatif kalayan ngagunakeun desain kuadrat jeung tehnik nyokot conto kalayan ngagunakeun net plankton. Dina nangtukeun data dilaksanakeun kalayan nangtukeun tempat (zona pengamatan) ngagunakeun cuplikan kuadrat. Stasion panalungtikan diwangun ku 3 stasion kalayan 18 plot di wilayah situ bagendit kalayan nyokot conto lobana 5 balikan dina unggal plotna. Data nu dicokot nyaeta data lobana spesies Fitoplankton jeung data nu ngarojong faktor lingkungan (suhu air, pH air, *Dissolved Oxygen*, dan intensitas cahaya). Identifikasi conto dilaksanakeun di Laboratorium Biologi, FKIP Universitas Pasundan Bandung. Hasil panalungtikan Situ Bagendit nuduhkeun lobana spesies Fitoplankton anu aya lobana 56 rupa Fitoplankton nu kaasup kana 9 Ordo, 26 Famili, jeung 35 Genus. Total individu anu kapanggih lobana 12.020 individu. Kabeungharan Fitoplankton di Situ Bagenditnu pang punjulna nyaeta *Phacus tortus* lobana 31.506.000 individu/l jeung anu pang saeutikna nyaeta spesies *Merismopedia tenuissima* jeung *Ceratium sp* kalayan nilai kabeungharan anu sarua nyaeta lobana 18.000 individu/l. Rupa-rupa ning Fitoplankton anu pang punjulna ayana di stasion I lobana 2,40 saterusna di stasion III lobana 2,35 sedengkeun di stasion II nyaeta anu pang handapna 2,23.

Kecap konci : Situ Bagendit, Kabeungharan, Rupa-rupa, Fitoplankton